# Why did Jesus Die?



## 1. Because we are all sinners!

Марк 2:17   Гьеб рагIун, ГIисаца гьезда абуна: – Сахазе гурев тохтир хIажалъулев, унтаразейин. Аллагьасде руссине муъминзаби ахIизе гуро дунги вачIун вугев, мунапикъзаби ахIизейин.

Румазухъе 3:10   ТIухьдузда хъван буго: «Цониги муъминчи гьечIо, цохIониги гьечIо.

Матфей 18:11   гьединазул малаикзабазда кидаго кIола зобалазда вугев дир Инсуда бадире ралагьизе.

## 2. Because there is a cost for that sin!

Матфей 15:18-20   Амма кIалдисан къватIибе бачIуна рекIелъ бугеб жо. Гьеле гьелъин чи хъублъизавулев.   Щаян абуни, инсанасул рекIелъан рачIуна квешал къасдалги, чIвай-хъвейги, зиначилъиги, хъахIбалъиги, цIогьги, гьересинугIлъиги, бугьтанги.   Гьеб киналъго хъублъизавула инсан. Амма кваналелде кверал чуричIогойилан гьев хъублъуларо.

Румазухъе 6:23     Хвел буго мунагьалъухъ кьолеб мухь, амма абадияб гIумру буго нилъер ТIадегIанав МасихI ГIисаде цолъарал нилъее Аллагьасул сайигъат.

Марк 16:16   Диде иман лъурав ва лъадалъ ччун вахъун жиндир мунагьал чурарав чи хвасарлъизе вуго. Амма иман лъечIезе тамихI букIина.



**There is a cost for sin!**

## 3. Because Jesus died and paid for our sins on the cross!

Матфей 1:21   Гьелъ дуе вас гьавила; ГӀисаян цӀарги лъезе ккола дуца гьесда, гьес жиндирго халкъ мунагьаздаса хвасар гьабизе бугелъул.

Румазухъе 5:8   Амма Аллагьас бихьизабуна гьесие нилъ рокьулеллъи: мунагьазул цӀун нилъ ругеб мехалда, нилъее гӀоло хвана МасихӀ.

Иоаннил 3:16    Гьаб дуниял Аллагьасе гьедигӀанги цӀакъ бокьулеб буго: гьес цохӀо вугев Вас гьаниве витӀана, гьесда божанщинав чи хунгутӀизе, гьезие абадияб гӀумру насиблъизе.

Матфей 18:11   гьединазул малаикзабазда кидаго кӀола зобалазда вугев дир Инсуда бадире ралагьизе.



## 4. Salvation is a free gift, not by good works. You must take God's word for it, and trust Jesus alone!

Чапарзабазул ишал 4:12   Гьесдалъун гурони хвасарлъи гьечIо. Гьалъаб зобалда гъоркь гIадамазе кьурал цIаразда гьоркьоб цоги батIияб цIар гьечIо, жиндалъун нилъ хвасарлъулеб.

Эфесиязухъе 2:8-9    Аллагьасул баркаталдалъун иман лъеялъ хвасар гьаруна нуж. Нужедалъун гуро гьеб лъугьараб, Аллагьасул цIобалдалъунин.   Нужер ишазухъ щвараб шапакъат гурин гьеб, – гьелдаса чIухIуге щивниги.

Титихъе 3:5   Илагьияб РухIалдалъун цIидасан рижиги насиблъизабун ва цIияб гIумруги кьун, гьес нилъ рацIцIалъизариялдалъун хвасар гьаруна, нилъер ритIухъал ишазухъ балагьун гуреб, жиндирго гурхIелалдалъун.

## 5. We must put our faith and trust in Christ alone!

Марк 9:23   ГIисаца гьесда абуна: – Дагьабниги божизе дудаги кIолеб батани, божа мунги. Божулев чиясда хIалкIолареб жо букIунаребин!

Марк 1:15   Гьес абулеб букIана: – Болжал щвана! Аллагьасул ПарччахIлъи тIаде гIунтIун буго! Нуж кантIе, Аллагьасде русса! Гьеб Рохалил хабаралде иманги лъе!

Марк 10:15   ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: Аллагьасул ПарччахIлъи лъимаца гIадин къабул гьабичIев чиясе гьенибе нух гьечIо.

Румазухъе 10:9-10,13   Дур кIалалъ абулеб бугони ГIиса ТIадегIанав вугилан, Аллагьас гьев хваралъуса вахъинавиялда ракIги божулеб бугони, мун хвасарлъила.   Дур ракI божулеб бугелъул, рекIедалъун ритIухълъиги щвела дуе, дур кIалалъ Рохалил хабар тIибитIизабулеб бугелъул, кIалалдалъун хвасарлъиги щвела.  ТIухьдузда хъван буго: «БетIергьанасул цIар рехсарав чи хвасарлъила», – ян.



## Put your faith in Christ alone!

*If you want to accept Jesus Christ as your Savior and receive forgiveness from God, here is prayer you can pray. Saying this prayer or any other prayer will not save you. It is only trusting in Jesus Christ that can provide forgiveness of sins. This prayer is simply a way to express to God your faith in Him and thank Him for providing for your forgiveness.*



**"Lord,**

**I know that I am a sinner. I know that I deserve the consequences of my sin which is death and hell. However, I am trusting in Jesus Christ as my Savior. I believe that His death and resurrection provided for my forgiveness. I trust in Jesus and Jesus alone as my personal Lord and Savior. Thank you Lord, for saving me and forgiving me! Amen!"**

**Amazing Grace Publishing *PO Box 1963 * Joshua TX 76058 * 817-426-1828 * E-Mail JamesAV@aol.com**